**दिन—गुरूवार** **दिनांक—18.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आई नेपालक अंतरिम प्रधानमंत्री सुशीला कार्की सँ गपशप कयलनि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे एकर जानकारी दैत कहलनि जे ओ नेपाल मे शांति आओर स्थिरता बहाल करबा मे नेपाल सरकार कैँ भारत सँ सहयोगक आश्वासन देलनि अछि। श्री मोदी कहलनि जे गपशपक बीच नेपालक प्रधानमंत्री कैँ कल्हि होमय बला नेपाल राष्ट्रीय दिवसक बधाई सेहो देलनि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह दावा कयलनि अछि जे आगामी बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए कैँ प्रचंड बहुमत भेटत। श्री शाह दु दिवसीय बिहार दौराक पहिल दिन रोहतासक डेहरी मे भाजपा नेता आओर कार्यकर्ताक संग संवाद करैत कहलनि जे एनडीए सभ तरहें एकजुट अछि। ओ कहलनि जे विकसित बिहारक कल्पना कैँ मात्र एनडीए सरकार टा साकार कऽ सकैत अछि। श्री शाह बेगूसराय मे सभा के संबोधित करैत कहलनि जे एसआईआर कैँ लऽकऽ विपक्षी दल लोक सभक बीच भ्रम पसरबाक प्रयास कऽ रहल अछि।

एहि सँ पूर्व आइ भोर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ पटना मे दुनू नेताक बीच बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी आ एनडीए के साझा रणनीति पर सेहो चर्चा कयलनि।

---

चुनाव आयोग कहलक जे कांग्रेस नेता राहुल गांधी द्वारा **वोट डिलीट** संबंधी लगाओल गेल आरोप गलत आ निराधार अछि। आयोग कहलक जे कोनो व्यक्ति द्वारा वोट कैँ ऑनलाइन प्रक्रिया मे नहि हटाओल जा सकैत अछि। आयोग जनौलक जे श्री गांधी एहि संबंध मे गलत धारना बनेबाक प्रयास कऽ रहल छथि। आयोग ईहो स्पष्ट कयलक जे प्रभावित व्यक्ति कैँ सुनवाईक अवसर देने बिना कोनो वोट डिलीट नहि कयल जा सकैत अछि। आयोग कहलक जे दू हजार तेईस मे कर्नाटकक अलंद विधानसभा क्षेत्र मे मतदाता सभक नाम हटेबाक किछु असफल प्रयास कयल गेल छल आओर मामलाक जांचक लेल आयोग

द्वारा स्वयं एकटा प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल छल। रिकॉर्डक अनुसार अलंद विधानसभा क्षेत्र सँ दू हजार अठारह मे भाजपाक सुभाध गुट्टेदार आओर दो हजार तेईस मे कांग्रेसक बी.आर. पाटिल जीत हासिल कयने छलैथ। उल्लेखनीय अछि जे कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी आई नई दिल्ली मे एकटा प्रेस कॉफ्रेंस मे दावा कयलनि जे कर्नाटकक अलंद विधानसभा क्षेत्र मे कम सँ कम छओ हजार वोट हटाओल गेल छल। श्री गांधी चुनाव आयोग पर आरोप लगौलनि जे सॉफ्टवेयर मे अदला–बदलीक माध्यमे मतदाता सूची सँ नाम हटाओल गेल छल।

————————————————————————————

बिहार कांग्रेस चुनाव समितिक बैसक आइ पटना स्थित पार्टी मुख्यालय, सदाकत आश्रम मे आयोजित कयल गेल। जाहि मे आगामी विधानसभा चुनावक रणनीति आ उम्मीदवार सभक चयनक लेल महत्वपूर्ण चर्चा कयल गेल। बैसक मे पूर्णियां सँ निर्दलीय सांसद पप्पू यादव सेहो शामिल भेलाह। एम्हर प्रदेश कांग्रेस स्क्रीनिंग कमिटीक बैसक काल्हि नई दिल्ली मे होयत। ओतहि, चौबीस सितंबर के पटना मे पार्टीक कार्य समितिक बैसक बजाओल गेल। पहिल बेर पटना मे भऽ रहल कांग्रेस वर्किंग कमिटीक बैसक मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे, पार्टीक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी समेत कतेको शीर्ष नेता शामिल हेताह।

————————————————————————————

मुख्यमंत्री निश्चय स्वयं सहायता भत्ता योजनाक लाभ आब कला, विज्ञान आओर वाणिज्य संकाय सभक बेरोजगार पुरूष आ महिला स्नातक कैँ सेहो भेटत। एहि योजनाक तहत दू साल धरि एक हजार रूपैयाक मासिक भत्ता भेटत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पोस्ट मे योजनाक विस्तारक घोषणा कयलनि। एहि सँ पहिने ई योजना इंटरमीडिएट के युवा सभक लेल छल।

————————————————————————————

मुजफ्फरपुरक मरियम फातिमा एकटा उल्लेखनीय उपलब्धि हासिल कयलनि अछि। ओ शतरंज मे बिहारक पहिल महिला फिडे मास्टर (डब्ल्यूएफएम) बनलिह। बिहार राज्य खेल प्राधिकरण के महानिदेशक रविंद्रन शंकरण एकर जानकारी देलनि।

————————————————————————————

राज्यक कतेको भाग मे मानसूनक सक्रियता बनल अछि। मौसम विभागक जानकारीक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग मे कतेको ठाम बेसी बरखा दर्ज कराओल गेल अछि। सुपौल मे सबसँ बेसी एक सौ तेईस दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा रेकॉर्ड कयल गेल अछि।

———————————————————————————

आकाशवाणी, पटना सँ आई सांझ सात बाजि कऽ दस मिनट सँ सात बाजि कऽ पैंतालीस मिनट धरि विशेष कार्यक्रम 'सेवा पर्व– दू हजार पच्चीसक' प्रसारण कयल जायत। एहि कारणे सांझक प्रादेशि समाचारक प्रसारण आई सांझ सात बाजि कऽ सत्तावन मिनट सँ आठ बाजि कऽ बारह मिनट धरि कयल जायत।

———————————————————————————

समाप्त